

RENCANA PELAKSANAAN PEMBELAJARAN
(Simulasi Mengajar Guru Penggerak)

Sekolah	: SMP N 2 Ambal
Mata Pelajaran	: Bahasa Jawa
Kelas/Semester	: VIII/2
Materi Pokok	: Teks Cerita Wayang Ramayana lakon Resi Jatayu Ragam Krama
Alokasi Waktu	: 10 Menit

A. Tujuan Pembelajaran

No.	Kompetensi Inti 3 (Pengetahuan)	Kompetensi Dasar	Indikator Pencapaian Kompetensi
1.	3. Memahami pengetahuan (faktual, konseptual, dan prosedural) berdasarkan rasa ingin tahunya tentang ilmu pengetahuan, teknologi, seni, budaya terkait fenomena dan kejadian tampak mata	3.1 Memahami isi teks cerita Ramayana (Resi Jatayu)	3.1.1. Mengartikan katakata yang dianggap sulit dalam bacaan cerita wayang Ramayana lakon <i>Resi Jatayu</i> 3.1.2. Menjawab pertanyaan bacaan cerita wayang Ramayana lakon <i>Resi Jatayu</i> dalam ragam <i>krama</i> . 3.1.3. Menulis isi cerita wayang Ramayana lakon <i>Resi Jatayu</i> dalam <i>krama</i> . 3.1.4. Mengungkapkan isi cerita wayang Ramayana lakon <i>Resi Jatayu</i>

Setelah mengikuti serangkaian kegiatan pembelajaran budaya, peserta didik dapat:

1. Mengucapkan syukur kepada Tuhan atas anugerah keberagaman hasil budaya Jawa yang Adiluhung.
2. Memahami isi cerita wayang Ramayana lakon Resi Jatayu
3. Menceritakan kembali isi cerita wayang Ramayana lakon Resi Jatayu

B. Metode Pembelajaran

1. Metode Demonstrasi
2. Metode Diskusi
3. Metode Penugasan

C. Media Pembelajaran

Teks cerita wayang Ramayana lakon Resi Jatayu(Terlampir)

D. Sumber Belajar

1. Buku ajar Pandhawa Kelas VIII halaman: 65-78
2. Buku Cerita Ramayana

E. Langkah-Langkah Pembelajaran

1. Pendahuluan (2 menit)

- a. Berdoa dan mengecek kehadiran peserta didik
- b. Peserta didik mendapatkan informasi tujuan pembelajaran yaitu:
 - a) Peserta didik mampu menanggapi isi cerita Ramayana Resi Jatayu dengan ragam *krama*.
 - b) Peserta didik mampu menceritakan kembali isi cerita Ramayana Resi Jatayu.

- c. Peserta didik mendapatkan motivasi dari guru yaitu tentang pentingnya mempelajari cerita wayang Ramayana.
- 2. Kegiatan Inti (8 menit)**
- a. Mengamati**
Peserta didik membaca cerita wayang Ramayana lakon *Resi Jatayu*.
- b. Menanya**
- a) Peserta didik bertanya jawab tentang kata-kata yang dianggap sulit yang terdapat dalam teks.
- b) Peserta didik bertanya jawab tentang isi teks cerita wayang Ramayana lakon *Resi Jatayu*
- c. Mengeksplorasi/mengumpulkan data**
Peserta didik menginventarisasi kata-kata yang dianggap sulit yang terdapat dalam teks cerita wayang Ramayana lakon *Resi Jatayu*
- d. Mengasosiasikan**
Peserta didik berlatih mengartikan kata-kata yang telah diinventarisasi yang terdapat dalam teks bacaan cerita wayang Ramayana lakon *Resi Jatayu*.
- e. Mengomunikasikan**
Peserta didik menyampaikan hasil pekerjaannya kepada temannya.
- 3. Penutup (2 menit)**
- a. Simpulan**
Peserta didik dengan dibimbing dan difasilitasi pendidik membuat simpulan tentang pemahaman cerita Ramayana Resi Jatayu.
- b. Evaluasi**
Memberikan pertanyaan singkat kepada peserta didik tentang tembang cerita Ramayana Resi Jatayu.
- c. Refleksi**
Meminta umpan balik pada peserta didik tentang kegiatan pembelajaran yang telah berlangsung. Apakah pembelajaran menarik, menyenangkan, dan memberi wawasan lebih pada peserta didik
- d. Tindak Lanjut**
Peserta didik diminta menerapkan ajaran/piwulungan yang terdapat dalam cerita Ramayana Resi Jatayu.
- e. Penutup**
Berdoa dan atau salam untuk menutup kegiatan pembelajaran.

F. Penilaian

1. Pengetahuan

Rubrik dan contoh soal tes pengetahuan (terlampir)

2. Keterampilan

Tes praktik/tes kinerja menggunakan rubrik penilaian keterampilan (terlampir)

3. Pembelajaran Remedi dan Pengayaan

(terlampir)

Ambal, 29 Desember 2020



Guru Mata Pelajaran,

Bambang Cahyono, S.Sn, M.Pd
NIP. 196609222007011006

Lampiran 1

Materi Reguler/Utama

Teks 1

PANCADAN PASINAON

Wayang minangka kesenian rakyat sumber critane saka crita Ramayana lan Mahabarata. Saka crita wayang kang ana kasebut masarakat utamane para siswa mesthine bisa njupuk dudutan kang bisa kanggo gambaraning lelaku ing panguripan. Jroning crita kasebut akeh pitutur, budi pekerti, tata krama kang bisa diconto kanggo pandom panguripan.

Nemokake surasane crita wayang, watek, sifat, dalan critane wayang lsp. Bisa kanggo nyinau pasujarah, pitutur, budi pekerti, tata krama, lan samubarang kawruh kang kinandhut saka jroning crita. Bab iku bisa kanggo salah sijining sumber semangat lan pandom panguripan.

Rasa syukur mring Gusti Kang Maha Kuwasa tansah dijaga, syukur dititahake minangka bangsa Jawa kang nduweni sujarah crita pinunjul, kang bisa nuntun prilaku jujur, tanggung jawab, seneng tetulung, lsp. Seneng maca crita wayang saora-orane bisa njembarake kawruh.

Pandom : teks Ramayana lakon Resi Jatayu, ragam krama, nemokake lan medhar gagasan tulis lan lisan abasa krama

A. Teks Crita Ramayana Lakon Resi Jatayu

Wayang kang critane dijupuk saka crita Mahabharata lan RamayanasinebutWayang Purwa. Uga ana kang nggelar lakon crita-crita 1001 wengi saka tanah Arab. Wayang kang ngene iki diarani Wayang Menak. Pagelaran iki misuwur ing tanah Jawa. Ing pagelaran iku wayang ditanjepke ing debog ing sisih tengen lan kiwane dhalang. Ing tengah, critane digelar. Sedina sewengi lakon diwedhar. Wayang iki ora mung sumebar ing Jawa wae, nanging uga ing tlatah liya ing Nuswantara. Pagelaran wayang wis diakoni dening UNESCO ing tanggal 7 November2003, dadi karya kabudayan kang edhi peni ing babagan crita dongeng lan warisan sing berharga banget (*Masterpiece of Oral and Intangible Heritage of Humanity*).

1. Ngrungokake Crita Ramayana Lakon Resi Jatayu

Crita Ramayana Lakon Resi Jatayu ing ngisor iki bakal diwaca dening kancamu gilir gumanti, rungokna kang premati, samengko wangsulana bab-bab kang ana gayutane karo isine crita Ramayana Lakon Resi Jatayu iki!

Resi Jatayu



Resi Jatayu iku manuk awujud garudha kang duweni watak wicaksana. Dheweke tansah eling marang sang Hyang Agung, mula banjur duweni jejuluk Resi. Resi Jatayu yaiku anak saka Resi Brisrawa lan Dewi Brahmanistri. Dewi Brahmanistri yaiku anak wadon saka Dewa Brahma. Dadi Resi Jatayu yaiku wayahe Dewa Brahma.

Resi Jatayu duwe sedulur telu yaiku Garuda harna, Garuda Brihawan, lan Garuda Sempati. Resi Jatayu nalika isih enom, kekancan raket banget karo Raja Ayodya Prabu Dasarata. Prabu Dasarata iku bapake Prabu Rama.

Nalika Dewi Sinta digeret lan digawa mabur dening Rahwana, Resi Jatayu aweh pitulungan. Resi Jatayu nyamber tangane Rahwana. Resi Jatayu ora tegel krungu tangise Dewi Sinta. Dewi Sinta kudu-kudua uwal saka panyekele Rahwana. Ananging tangane Rahwana nggegemi kuat tangan Sinta. Sinta ora bisa uwal. Kabeh rerenggan paesan padha gogrok tiba ana ing lemah. Resi Jatayu kanthi sisa dayane nyerang Rahwana. Ananging tetep ora bisa. Dheweke malah diajar dening Prabu Rahwana. Resi Jatayu akhire swiwine sengkleh. Dheweke akhire tiba ana ing lemah.

Nalika iku, Rama lan Lesmana bingung nggoleki Dewi Sinta sing ilang saka pondhoke. Rama lan Lesmana luru ngubengi alas Dhandaka. Nalika luru, ketemu manuk Jatayu sing lagi *lelaku*. Rama age-age nulungi. Ananging, kahanane Jatayu wis ora bisa ditulungi. Resi Jatayu sadurunge nemahi seda, wadul marang Rama. Jatayu nyritakake menawa garwane yaiku Sinta diculik dening Raja Alengka Dasamuka. Banjur Resi Jatayu palastra.

Kapethik saka www.sinaujawa.com kanthi owah-owahan saprelune

2. Tembung-tembung Pilihan

Saperangan tembung ing crita legenda kasebut tulisen, golekana tegese lan basa kramane! Gegandhengan basa kang digunakake basa dhialek Banyumasan kang wus akrab ing kalangane para siswa, mula tembung-tembunge dirasa ora ana sing angel. Gatekna tuladha carane ngowahi tembung dadi ragam krama!

Pethikan teks

Kramane

si Jatayu iku manuk awujud garudha kang duweni watek wicaksana. Dheweke tansah eling marang Sang Hyang Agung, mula banjur duweni jejuluk Resi. Resi Jatayu yaiku anak saka Resi Brisrawa lan Dewi Brahmanistri. Dewi Brahmanistri yaiku

si Jatayu punika peksi awujud Garuda ingkang nggadhahi watek wicaksana. Piyambakipun tansah eling dhumaeng Sang Hyang Agung, mila banjur anggadhahi seseba Resi. Resi Jatayu punika putranipun Resi Brisrawa kaliyan Dewi Brahmanitri. Dewi Brahmanistri punika putri

anak wadon saka Dewa Brahma. Dadi Resi Jatayu yaiku wayahe Dewa Brahma.

estripun Dewa Brahma. Dadi Resi Jatayu punika wayahipun Dewa Brahma.

Garapaen kaya tuladha ing dhuwur, miliha sawijining pada kang ana ing teks wacan crita Peksi Jatayu!

3. Mangsuli pitakon

Sawise ngrungokake crita Peksi Jatayu, wangsulana pitakon ing ngisor iki nggunkakebasa krama!

- 1) Kena apa Dasamuka ndhawuhi Kalamarica malih rupa dadi kidang kencana?
- 2) Kena apa Dewi Shinta jerit-jerit njaluk tulung?
- 3) Apa alesane manuk Jatayu gelem tetulung marang Shinta?
- 4) Kepriye kahanane Jatayu sawise tandhing yuda mungsuh Dasamuka?
- 5) Apa kang ditindakake Ramawijaya lan Laksmana bareng nemokake Shinta ora ana ing papan sakawit?
- 6) Apa kang diaturake Jatayu marang Rama?
- 7) Apa kang ditindakake Ramawijaya lan Laksmana bareng Jatayu nemahi pati?
- 8) Apa kang ditindakake Dasamuka marang Shinta bareng tekan Alengka?
- 9) Apa kang ditindakake Dasamuka nalika Shinta ora gelem digarwa Dasamuka?
- 10) Apa kang ditindakake Rama mngerteni Shinta didhusta Dasamuka?

B. Nemokake Isine Cerita Wayang

Sawise maca batin teks crita wayang Ramayana asesirah Resi Jatayu, apa pengalaman lan nemokake gambaran apa ngenani crita kasebut? Saora-orane para siswa mangerteni sapa bae paraga kang ana ing crita iku? Banjur perkara apa kang dumadi ing crita? Kepriye larah-larahane crita kasebut?

Mbok menawa para siswa bisa mangsuli pitakonan kasebut, sebab iku wus dijarwakake kanthi basa lumrah senajan isih ana tetembungan kang durung dimangerteni. Mula saka iku wacanen sepisan maneh kanggo nemokake tetembungan mau lan kanggo ngira-ira apa sejatine maknane tembung iku.

Paraga pokok kang dicritakake pancen manuk Jatayu kang nedya awèh pitulungan marang Shinta. Krodhane manuk Jatayu kepengin nguwalake Shinta saka regemane Dasamuka. Ananging Dasamuka uga ora gelem asor. Pungkasane manuk Jatayu sing kalah lan kudu nemahi tiwas sebabkena sabetan pedhange Dasamuka.

Saka manuk Jatayu iki crita dadi sambung sinambung kawitan Ramawijaya lan Shinta kudu nglakoni urip ing alas Dandaka. Sebab Rama ora sida ngganteni Prabu Dasarata dadi raja Ayodya krana dijabel dening ibu kuwalone, banjur urip ing alas, lan pungkasane Shinta kudu dicolong Dasamuka.

1. Isine crita wayang

Jatayu kang awujud peksi nanging tansah eling marang Sang Hyang Agung saengga diwenehi tetenger Resi duweni watek kang wicaksana banget. Dheweke kasil nemokake Sinta kang digawa dening Rahwana. Kanthi Jiwa raga Jatayu nyerang Rahwana supaya bisa nulung Sinta uwal saka Rahwana. Swiwi Jatayu Sengkleh amarga nglawan Rahwana banjur mati. Sadurunge mati, Jatayu kasil ketemu karo Rama lan Leksmana banjur menehi katrangan yen Sinta digawa dening Rahwana. Adhedhasar katrangan saka Jatayu Rama lan Leksmana goleki Sinta lan kasil nemokake. Rama lan

Leksmana nyerang Rahwana dibantu dening Wibisana, Anoman, lan bala kurawane. Anoman kalah, Shinta kasil dibebasake.

2. Piwulang luhure crita Resi Jatayu

- a) kudu tansah gelem aweh pitulungan marang sapa bae kang mbutuhake.
- b) Aja jupuk kang dudu duweke dhewe amarga bisa njalari cecongkrahaman.
- c) Wani mbelani prakara kang bener.

C. Kegiatan Siswa

Dhapuken kelompok sinau, rembugen bareng kelompokmu ngenani isine crita Ramayana ing ngisor iki.

1. Nemokake isi lan pitutur luhur kang bisa dadi tuladha saka crita wayang Ramayana!

RAMAYANA

Prabu Ramawijaya kasil bisa numpes Prabu Rahwana saandhahane, sarta bisa mboyong Dewi Sinta. Kabeh iku saka pambiyantune Jatayu kang menahi pitudhuh, Anoman lan bala kurawane sarta Gunawan Wibisana kang melu golek cara lan nyerang denawa Alengka kang tumindak ala. Prabu Ramawijaya, sawijining Raja kang ora srakah ing kakuasaan. Raja kang tansah ngumbara ana ing wana, merga nuruti ibu kuwalone (Dewi Kekayi), kang duwe pangajab ngganti ratu ramane kudu R. Barata putrane. Mbangun negara cilik kang sinebut Pancawati asil saka mbabat alas Pancaloka kanggo tata-tata nyawisake anggone bakal nggoleki lan ngrebut Dewi Sinta.



Prabu Ramawijaya kasil ngrebut Dewi Sinta, garwanekang kadhusta Prabu Rahwana. Kedadeyan iki sejatine mengku wejangan kang sinandi isine mbrastha angkara murka, sarta mbrastha watak, adigang, adigung, adiguna. Dadi Prabu Ramawijaya, sawijining ratu kang mbelani bebener, lan njejegake adeging keadilan. Gunawan Wibisana, sawijining satriya kang wicaksana, arif, waskita lan waspada. Kawicaksanane Gunawan Wibisana kabukten nalika Rahwana duwe jabang bayi putri kang nembe lair saka Dewi Mandukaki, matur yen Nagara Ngalengka besuk lebur papan tanpa dadi dening garwane jabang bayi putri iku. Mula jabang bayi kang nembe lair dilarung ing samodra. Gedhene jabang bayi dadi Dewi Sinta.

Sirrane Rahwana lan kabeh punggawa ing Alengka, ateges sirnaning angkara murka, lan sirnaning watak adigang, adigung, adiguna dening Prabu Rama Wijaya nganggo dhasar adil lan bebener sarta kabantu Gunawan Wibisana linambaran kearifan sarta kawaskitan. Sektiya kaya ngapayen kanggo tumindak ala mesthi bakal apes dening tindak utama, ngilangi ambeg angkara murka, budi candhala.

*Kapetik saka: Djoko Lodhang, 25 September 2008
Kanthi owah-owahan saperlune*

2. Gudhang Tembung

Nyimak crita Ramayana, para siswa bisa nemokake tembung-tembung pilihan ing ngisor iki kanggo nambahi kas kaya tembung-tembung abasa Jawa.

No.	Tembung	Tegese
1.	numpes	mateni (<i>membinasakan</i>)
2.	saandhahane	sakawulane (<i>bawahannya</i>)
3.	denawa	diyu, dita, raksasa
4.	wana	alas
5.	kuwalon	sambung (tiri)
6.	pangajab	pangarep-arep
7.	nyawisake	nyiapake
8.	kadhusta	nyolong
9.	mengku	ngandhut (berisi)
10.	wejangan	nasehat
11.	adigang	pamer kaluhuran
12.	adigung	pamer kaluhuran/drajad (<i>kedudukan</i>)
13.	adiguna	pamer kapinteran
14.	waskitha	pinter
15.	linambaran	linandhesan

3. Mbandhingake teks abasa kawi lan abasa Jawa anyar

Sawise para siswa mangerteni crita Resi Jatayu lan Ramayana lan isen-isening crita, ayo disimak maneh lan temokna bedane teks ing ndhuwur kang nggunakake basa Jawa anyar dibandhingake karo teks abasa Jawa Kawi (kuna).

- *Ramayana mujudake kitab babon crita wayang sejene Bratayuda. Ing crita iki salah sijine njlentrehake resi Jatayu. Sapa sejatine Jatayu dene bisa dadi lakon ing crita Ramayana?*
- *Maca batin iku maca kang tanpa swara, swarane dibatin utawa amung ana ing pikiran, mripat kena bae diobahake ngiwa nengen nalika maca. Lisan kadhangkala isih komat kamit ngetutake swara samesthine. Nanging pakarti kang mangkono ing kegiatan maca batin malah rinasa ngrendhet-ngrendheti. Kurang bisa mbedakake maca batin karo maca anthi swara lirih.*

Resi Jatayu Gugur

Nalika samanten Rama Wijaya, Raden Laksamana, tuwin Dewi Sinta manggen wonten wana Dandaka. Prabu Dasamuka pirsia menawi Dewi Sinta wonten wana Dandaka lajeng ngrekadaya supados saged ndhusta Dewi Sinta. Kanthi kasektenipun, abdinipun kinasih nama Kala Marica amalih rupa dados kidang kencana saperlu mbebeda Dewi Sinta. Dewi Sinta kasengsem kaliyan kaendahaning kidang kencana mila nyuwun dhumateng rakanipun kapurih nyepeng kidang wau.

Pegat, apisah, Rama lan Shinta, kidang kencana tanggap ing sasmita, hangendering cancut mlajeng lumebeng wana, saya hanengah, saya tebih, denira apepisahan kalawan garwa mayangsari.

Rama Wijaya pesen dhumateng rayinipun Raden Laksmana supados njagi mbakyunipun amargi badhe ngoyak kidang kencana ingkang mlebet wana. Kidang kalepasi jemparing dening Rama Wijaya lajeng njerit lan swantenipun memba-memba swantenipun Rama Wijaya. Dewi Sinta kuwatos mbok menawi ingkang garwa nampi cilaka lajeng utusan rayinipun Raden Laksmana kapurih nututi suka pitulungan. Raden Laksmana kapeksa nututi Rama Wijaya nasak wana amargi dipundukani dening Dewi Sinta. Dewi Sinta katilar piyambakan amargi sami ngoyak kidang kencana.

Ngancik telenging wana, peteng ndhedhet lelimengan, ical lacaking kidang, sapandurat kumlebet katingal kidang kencana haleledhang, Rama sigra hangembat gendhewa, menthang langkap, wastra lumepas, hangener dening kidang, tumancep warayang mring hangganing kidang sangsam kencana, gumlundhung pejah kasulayah, eloking kahanan, sareng gumalundhunging kidang kapiyarsa swara dumeling, Marica hangemba-emba suwaranipun Rama, jeli-jeli asesambat mring arinta Laksmana.

Sinta lan Laksmana ingkang hanganti dhatenging ingkang raka Rama dinandak hamiyarsa suwara nyaring asesambat tiwasing dhiri. Kusumaning ayu Sinta sajroning wardaya, hanyipta lamun swara ingkang kapiyarsa punika, tuhu swaranipun raka Rama, mila tarataban manahira, sigra dhawuh mring ari Laksmana, supaya enggal lumawat mring Rama, aweh pitulungan, Laksmana ingkang wicaksana tansah sung pemut, bilih swara punika sanes suwaranipun Rama.

Prabu Dasamuka ingkang waunipun singidan wonten grumbuling wit-witan, sasampunipun pirsia Dewi Sinta piyambakan lajeng kadhusta miber angkasa badhe kaboyong dhateng Ngalengka. Dewi Sinta jerit-jerit nyuwun tulung kanthi nyebat asmanipun Rama Wijaya. Swantenipun Dewi Sinta nyuwun tulung kapiyarsa dening Resi Jatayu. Resi Jatayu sasampunipun pirsia bilih ingkang nyuwun tulung putra mantunipun Prabu Dasaratha inggih kanca raketipun, tanpa tidha- tidha Resi Jatayu miber angkasa badhe ngrebat Dewi Sinta saking regemanipun Prabu Dasamuka. Prabu Dasamuka boten kersa ngulungaken wasana dados udreg-udregan ingkang wusanipun ndadosaken perang.

Resi Jatayu ngetog kasudiran nyandher Prabu Dasamuka ngantos kebak tatu lan ngantos kawratan ngadhepi krodhanipun Resi Jatayu. Prabu Dasamuka lajeng ngliga pedhang kababataken dhateg swiwinipun Resi Jatayu lajeng tatas sanalika. Resi Jatayu dhawah njrebabah ndhepani bumi kanthi salira kebak rah.

Rama Wijaya kaliyan Raden Laksmana nasak wana madosi Dewi Sinta. Wonten ing madyaning wana pinanggih kaliyan Resi Jatayu ingkang saweg sambat-sambat badhe nemahi ajal. Rama Wijaya tuwin Raden Laksmana lajeng paring pitulungan dhumaten Resi Jatayu. Resi Jatayu suka palapuran dhumateng Rama Wijaya bilih piyambakipun nemahi tatu abot makaten amargi nembe tandhing tiyasa mengsah Prabu Dasamuka saperlu badhe ngrebat Dewi Sinta ingkang kadhusta Prabu Dasamuka. Sacekapipun matur makaten Resi Jatayu lajeng tiwas.

Rama Wijaya sanget ing panarimahipun dumateng Resi Jatayu ingkang sampun ngurbanaken jiwa raganipun saperlu kangge mbelani piyambakipun. Minangka tandha

panarimah lan pakurmatan, layonipun Resi Jatayu lajeng kabesmi kanthi upacara midherek kapitadosanipun. Rama Wijaya sampun nampi sisik melik bilih ingkang ndhusta garwanipun menika Prabu Dasamuka ratu ing Ngalengka. Rama Wijaya lajeng nerasaken lampah badhe ngrebat Dewi Sinta saking regemanipun Prabu Dasamuka.

4. Gudhang tembung

No.	Tembung	Tegese	Ngoko
1.	wana	alas	alas
2.	ngrekadaya	ngupaya, usaha	ngupaya, usaha
3.	Ndhusta	nyolong, nyidra	nyolong, nyidra
4.	Kencana	emas	emas
5.	kasengsem	kepencut, dadi seneng	kepencut, dadi seneng
6.	raka	kakang/ kangmas	kakang/ kangmas
7.	Rayi	adhi	adhi
8.	Jemparing	panah	panah
9.	Kuwatos	kuwatir	kuwatir
10.	Duka	nesu	nesu
11.	singidan	ndhelik	ndhelik
12.	Regeman	cengkreman	cengkreman
13.	Wusana	akhire, satemah	akhire, satemah
14.	kasudiran	kasekten, kadigdayan	kasekten, kadigdayan
15.	Kabesmi	diobong	diobong

5. Ngandharake maknane teks crita wayang kanthi ngudhari pitakon

- Andharna ing ngarep kelas asiling rembugan kelompokmu tumrap isine crita wayang lan piwulang luhur kang bisa dituladha! Prayoga menawa andharane diperang warna loro, siji nganggo ragam ngoko, banjur diowahi nganggo ragam krama!
- Laporna marang bapak/ibu guru wujud tulisan kanthi kebak tanggung jawab lan mituhu marang dhawuhe guru ngenani isine crita wayang lan piwulang luhure. Gunakna basa kang trep kanggo nuduhake unggah-ungguh lan budi pekertimu kang becik.

c) Bab kang prelu diandharake samengko yaiku :

KepriyemungguhpanemunungenaniwatakeDasamukakangndhustaShinta?

klompok 1

klompok 2	<i>Jelasna kepriye carane Dasamuka ndhusta Dewi Shinta? Geneya?</i>
klompok 3	<i>Geneya Jatayu gelem tetulung Dewi Shinta? Sapa sejatine Jatayu iku?</i>
klompok 4	<i>Geneya Dewi Shinta lan Raden Laksmana dadi padudon nalika keprungu swara pisambate Rama?</i>
klompok 5	<i>Geneya Rama Wijaya lan Dewi Shinta kudu nglakoni urip manggon ing alas Dhandaka?</i>


6. Nemokake Piwulang Luhur Saka Teks Crita Wayang





Piwulang luhur bisa digunakake kanggo tuladha kang becik tumrap pribadi utawa bebrayan agung masyarakat. Upamane saka anane kabudayan kang ngrembaka ing lingkungan masarakat. salah sijine yaiku saka kesenian wayang crita Ramayana. Para siswa bisa nyinau saka watake paraga crita. Sawise iku bisa gawe dudutan bab kasebut, tegese para siswa bisa nemokake piwulang luhur kang bisa kanggo pandom (pedoman) tumindak saben dinane.

Perlu dimangerteni menawa paraga crita iku mesthi kaperang dadi teluyaiku, protagonis, antagonis, lan tritagonis. Tetelune nduweni watak kang beda, lumrahe protagonis iku watake apik, bebudene becik, andhap asor lembah manah, kuwasisane pinunjul. Kosok baline antagonis iku nyengkahi utawa mungsuhi watake protagonis. Sanajan uga duwe kuwasisan pinunjul, nanging kuwasisane digunakake kanggo ngumbar angkara murka lan nepsu kadonyane. Tritagonis kena diarani paraga tambahan, jejangkep, kanggo nggenepi anane satron (konflik) crota antarane protagonis lan antagonis. Watake uga bisa apik bisa ala gumantung cedhak marang protagonis apa antagonis.

Saka nyinau watake paraga iki para siswa diajab bisa nemokake bab-bab kang becik lan ala, satemah bisa njupuk dudutan kanggo dipilih dadi piwulang kang becik tumrap pribadine para siswa. Nyinau watak kudu ngerti endi sing apik lan sing ala, ancas tujuwane kanggo bisa mbedakake lan milih kang samesthine.

Ayo gladhen nemokake watak wantune para paraga ing crita Ramayana lakon Resi Jatayu kanthi ngisi kolom kang ana ngisor iki!

Paraga	Watak Wantune
Resi Jatayu 

<p>Rama Wijaya</p> 	<p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p>
<p>Dewi Shinta</p> 	<p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p>
<p>Raden Laksamana</p> 	<p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p>
<p>Dasamuka</p> 	<p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p> <p>.....</p>

Tulisen isine crita wacan ing dhuwur nganggo basamu dhewe!

Lampiran 2

Materi Perbaikan dan Pengayaan

A. Materi Perbaikan

PANCADAN PASINAON

Wayang minangka kesenian rakyat sumber critane saka crita Ramayana lan Mahabarata. *Saka crita wayang kang ana kasebut masarakat utamane para siswa mesthine bisa njupuk dudutan kang bisa kanggo gambaraning lelaku ing panguripan. Jroning crita kasebut akeh pitutur, budi pekerti, tata krama kang bisa diconto kanggo pandom panguripan.*

Nemokake surasane crita wayang, watek, sifat, dalam critane wayang lsp. Bisa kanggo nyinau pasujarahan, pitutur, budi pekerti, tata krama, lan samubarang kawruh kang kinandhut saka jroning crita. Bab iku bisa kanggo salah sijining sumber semangat lan pandom panguripan.

Rasa syukur mring Gusti Kang Maha Kuwasa tansah dijaga, syukur dititahake minangka bangsa Jawa kang nduweni sujarah crita pinunjul, kang bisa nuntun prilaku jujur, tanggung jawab, seneng tetulung, lsp. Seneng maca crita wayang saora-orane bisa njembarake kawruh.

Pandom : teks Ramayana lakon Resi Jatayu, ragam krama, nemokake lan medhar gagasan tulis lan lisan abasa krama

D. Teks Cita Ramayana Lakon Resi Jatayu

Wayang kang critane dijupuk saka crita Mahabharata lan Ramayan sinebut Wayang Purwa. Uga ana kang nggelar lakon crita-cita 1001 wengi saka tanah Arab. Wayang kang ngene iki diarani Wayang Menak. Pagelaran iki misuwur ing tanah Jawa. Ing pagelaran iku wayang ditanjepke ing debog ing sisih tengen lan kiwane dhalang. Ing tengah, critane digelar. Sedina sewengi lakon diwedhar. Wayang iki ora mung sumebar ing Jawa wae, nanging uga ing tlatah liya ing Nuswantara. Pagelaran wayang wis diakoni dening UNESCO ing tanggal 7 November 2003, dadi karya kabudayan kang edhi peni ing babagan crita dongeng lan warisan sing berharga banget (*Masterpiece of Oral and Intangible Heritage of Humanity*).

4. Ngrungokake Cita Ramayana Lakon Resi Jatayu

Cita Ramayana Lakon Resi Jatayu ing ngisor iki bakal diwaca dening kancamu gilir gumanti, rungokna kang premati, samengko wangsulana bab-bab kang ana gayutane karo isine crita Ramayana Lakon Resi Jatayu iki!

Resi Jatayu



Resi Jatayu iku manuk awujud garudha kang duweni watak wicaksana. Dheweke tansah eling marang sang Hyang Agung, mula banjur duweni jejuluk Resi. Resi Jatayu yaiku anak saka Resi Brisrawa lan Dewi Brahmanistri. Dewi Brahmanistri yaiku anak wadon saka Dewa Brahma. Dadi Resi Jatayu yaiku wayahe Dewa Brahma.

Resi Jatayu duwe sedulur telu yaiku Garudha harna, Garudha Brihawan, lan Garudha Sempati. Resi Jatayu nalika isih enom, kekancan raket banget karo Raja Ayodya Prabu Dasarata. Prabu Dasarata iku bapake Prabu Rama.

Nalika Dewi Sinta digeret lan digawa mabur dening Rahwana, Resi Jatayu aweh pitulungan. Resi Jatayu nyamber tangane Rahwana. Resi Jatayu ora tegel krungu tangise Dewi Sinta. Dewi Sinta kudu-kudua uwal saka panyekele Rahwana. Ananging tangane Rahwana nggegemi kuat tangan Sinta. Sinta ora bisa uwal. Kabeh rerenggan paesan padha gogrok tiba ana ing lemah. Resi Jatayu kanthi sisa dayane nyerang Rahwana. Ananging tetep ora bisa. Dheweke malah diajar dening Prabu Rahwana. Resi Jatayu akhire swiwine sengkleh. Dheweke akhire tiba ana ing lemah.

Nalika iku, Rama lan Lesmana bingung nggoleki Dewi Sinta sing ilang saka pondhoke. Rama lan Lesmana luru ngubengi alas Dhandaka. Nalika luru, ketemu manuk Jatayu sing lagi *lelaku*. Rama age-age nulungi. Ananging, kahanane Jatayu wis ora bisa ditulungi. Resi Jatayu sadurunge nemahi seda, wadul marang Rama. Jatayu nyritakake menawa garwane yaiku Sinta diculik dening Raja Alengka Dasamuka. Banjur Resi Jatayu palastra.

Kapethik saka www.sinaujawa.com kanthi owah-owahan saprelune

5. Tembung-tembung Pilihan

Saperangan tembung ing crita legenda kasebut tulisen, golekana tegese lan basa kramane! Gegandhengan basa kang digunakake basa dhialek Banyumasan kang wus akrab ing kalangane para siswa, mula tembung-tembunge dirasa ora ana sing angel. Gatekna tuladha carane ngowahi tembung dadi ragam krama!

Pethikan teks

Kramane

Resi Jatayu iku manuk awujud garudha kang duweni watek wicaksana. Dheweke tansah eling marang Sang Hyang Agung, mula banjur duweni jejuluk Resi. Resi Jatayu yaiku anak saka Resi Brisrawa lan Dewi Brahmanistri. Dewi Brahmanistri yaiku anak wadon saka Dewa Brahma. Dadi Resi Jatayu yaiku wayahe Dewa Brahma.

Resi Jatayu punika peksi awujud Garuda ingkang nggadhahi watek wicaksana. Piyambakipun tansah eling dhumaeng Sang Hyang Agung, mila banjur anggadhahi seseba Resi. Resi Jatayu punika putranipun Resi Brisrawa kaliyan Dewi Brahmanitri. Dewi Brahmanistri punika putri estrinipun Dewa Brahma. Dadi Resi Jatayu punika wayahipun Dewa Brahma.

Garapen kaya tuladha ing dhuwur, milih sawijining pada kang ana ing teks wacan crita Peksi Jatayu!

6. Mangsuli pitakon

Sawise ngrungokake crita Peksi Jatayu, wangsulana pitakon ing ngisor iki nggunkakebasa krama!

- 1) Kena apa Dasamuka ndhawuhi Kalamarica malih rupa dadi kidang kencana?
- 2) Kena apa Dewi Shinta jerit-jerit njaluk tulung?
- 3) Apa alesane manuk Jatayu gelem tetulung marang Shinta?
- 4) Kepriye kahanane Jatayu sawise tandhing yuda mungsuh Dasamuka?
- 5) Apa kang ditindakake Ramawijaya lan Laksmmana bareng nemokake Shinta ora ana ing papan sakawit?
- 6) Apa kang diaturake Jatayu marang Rama?
- 7) Apa kang ditindakake Ramawijaya lan Laksmmana bareng Jatayu nemahi ajal?
- 8) Apa kang ditindakake Dasamuka marang Shinta bareng tekan Alengka?
- 9) Apa kang ditindakake Dasamuka nalika Shinta ora gelem digarwa Dasamuka?
- 10) Apa kang ditindakake Rama mngerteni Shinta didhusta Dasamuka?

E. Nemokake Isine Cerita Wayang

Sawise maca batin teks crita wayang Ramayana asesirah Resi Jatayu, apa pengalaman lan nemokake gambaran apa ngenani crita kasebut? Saora-orane para siswa mangerteni sapa bae paraga kang ana ing crita iku? Banjur perkara apa kang dumadi ing crita? Kepriye larah-larahane crita kasebut?

Mbok menawa para siswa bisa mangsuli pitakonan kasebut, sebab iku wus dijarwakake kanthi basa lumrah senajan isih ana tetembungan kang durung dimangerteni. Mula saka iku wacanen sepisan maneh kanggo nemokake tetembungan mau lan kanggo ngira-ira apa sejatine maknane tembung iku.

Paraga pokok kang dicritakake pancen manuk Jatayu kang nedya aweh pitulungan marang Shinta. Krodhane manuk Jatayu kepengin nguwalake Shinta saka regemane

Dasamuka. Ananging Dasamuka uga ora gelem asor. Pungkasane manu Jatayu sing kalah lan kudu nemahi tiwas sebabkena sabetan pedhange Dasamuka.

Saka manuk Jatayu iki crita dadi sambung sinambung kawitan Ramawijaya lan Shinta kudu nglakoni urip ing alas Dandaka. Sebab Rama ora sida ngganteni Prabu Dasarata dadi raja Ayodya krana dijabel dening ibu kuwalone, banjur urip ing alas, lan pungkasane Shinta kudu dicolong Dasamuka.

3. Isine crita wayang

Jatayu kang awujud peksi nanging tansah eling marang Sang Hyang Agung saengga diwenehi tetenger Resi duweni watek kang wicaksana banget. Dheweke kasil nemokake Sinta kang digawa dening Rahwana. Kanthi Jiwa raga Jatayu nyerang Rahwana supaya bisa nulung Sinta uwal saka Rahwana. Swiwi Jatayu Sengkleh amarga nglawan Rahwana banjur mati. Sadurunge mati, Jatayu kasil ketemu karo Rama lan Leksmana banjur menehi katrangan yen Sinta digawa dening Rahwana. Adhedhasar katrangan saka Jatayu Rama lan Leksmana goleki Sinta lan kasil nemokake. Rama lan Leksmana nyerang Rahwana dibantu dening Wibisana, Anoman, lan bala kurawane. Anoman kalah, Shinta kasil dibebasake.

4. Piwulang luhure crita Resi Jatayu

- d) kudu tansah gelem aweh pitulungan marang sapa bae kang mbutuhake.
- e) Aja jupuk kang dudu duweke dhewe amarga bisa njalari cecongkraham.
- f) Wani mbelani prakara kang bener.

F. Kegiatan Siswa

Dhapuken klompok sinau, rembugen bareng kelompokmu ngenani isine crita Ramayana ing ngisor iki.

1. Nemokake isi lan pitutur luhur kang bisa dadi tuladha saka crita wayang Ramayana!

RAMAYANA

Prabu Ramawijaya kasil bisa numpes Prabu Rahwana saandhahane, sarta bisa mboyong Dewi Sinta. Kabeh iku saka pambiyantune Jatayu kang menehi pitudhuh, Anoman lan bala kurawane sarta Gunawan Wibisana kang melu golek cara lan nyerang denawa Alengka kang tumindak ala. Prabu Ramawijaya, sawijining Raja kang ora srakah ing kakuasaan. Raja kang tansah ngumbara ana ing wana, merga nuruti ibu kuwalone (Dewi Kekayi), kang duwe pangajab ngganti ratu ramane kudu R. Barata putrane. Mbangun negara cilik kang sinebut Pancawati asil saka mbabat alas Pancaloka kanggo tata-tata nyawisake anggone bakal nggoleki lan ngrebut Dewi Sinta.

Prabu Ramawijaya kasil ngrebut Dewi Sinta, garwanekang kadhusta Prabu Rahwana. Kedadeyan iki sejatine mengku wejangan kang sinandi isine mbrastha angkara murka, sarta mbrastha watak, adigang, adigung, adiguna. Dadi Prabu Ramawijaya, sawijining ratu kang mbelani bebener, lan njejegake adeding keadilan. Gunawan Wibisana, sawijining satriya kang wicaksana, arif, waskita lan waspada. Kawicaksanane



Gunawan Wibisana kabukten nalika Rahwana duwe jabang bayi putri kang nembe lair saka Dewi Mandukaki, matur yen Nagara Ngalengka besuk lebur papan tanpa dadi dening garwane jabang bayi putri iku. Mula jabang bayi kang nembe lair dilarung ing samodra. Gedhene jabang bayi dadi Dewi Sinta.

Sirname Rahwana lan kabeh punggawa ing Alengka, ateges sirnaning angkara murka, lan sirnaning watak adigang, adigung, adiguna dening Prabu Rama Wijaya nganggo dhasar adil lan bebener sarta kabantu Gunawan Wibisana linambaran kearifan sarta kawaskitan. Sektiya kaya ngapayen kanggo tumindak ala mesthi bakal apes dening tindak utama, ngilangi ambeg angkara murka, budi candhala.

*Kapetik saka: Djoko Lodhang, 25 September 2008
Kanthi owah-owahan saperlune*

2. Gudhang Tembung

Nyimak crita Ramayana, para siswa bisa nemokake tembung-tembung pilihan ing ngisor iki kanggo nambahi kas kaya tembung-tembung abasa Jawa.

No.	Tembung	Tegese
1.	numpes	mateni (<i>membinasakan</i>)
2.	saandhahane	sakawulane (<i>bawahannya</i>)
3.	denawa	diyu, dita, raksasa
4.	wana	alas
5.	kuwalon	sambung (tiri)
6.	pangajab	pangarep-arep
7.	nyawisake	nyiapake
8.	kadhusta	nyolong
9.	mengku	ngandhut (berisi)
10.	wejangan	nasehat
11.	adigang	pamer kaluhuran
12.	adigung	pamer kaluhuran/drajad (<i>kedudukan</i>)
13.	adiguna	pamer kapinteran
14.	waskitha	pinter
15.	linambaran	linandhesan

3. Mbandhingake teks abasa kawi lan abasa Jawa anyar

Sawise para siswa mangerteni crita Resi Jatayu lan Ramayana lan isen-isening crita, ayo disimak maneh lan temokna bedane teks ing ndhuwur kang nggunakake basa Jawa anyar dibandhingake karo teks abasa Jawa Kawi (kuna).

- *Ramayana mujudake kitab babon crita wayang sejene Bratayuda. Ing crita iki salah sijine njlentrehake resi Jatayu. Sapa sejatine Jatayu dene bisa dadi lakon ing crita Ramayana?*
- *Maca batin iku maca kang tanpa swara, swarane dibatin utawa amung ana ing pikiran, mripat kena bae diobahake ngiwa nengen nalika maca. Lisan kadhangkala isih komat kamit ngetutake swara samesthine. Nanging pakarti kang mangkono ing kegiatan maca batin malah rinasa ngrendhet-ngrendheti. Kurang bisa mbedakake maca batin karo maca anthi swara lirih.*

Resi Jatayu Gugur

Nalika samanten Rama Wijaya, Raden Laksamana, tuwin Dewi Sinta manggen wonten wana Dandaka. Prabu Dasamuka pirsia menawi Dewi Sinta wonten wana Dandaka lajeng ngrekadaya supados saged ndhusta Dewi Sinta. Kanthi kasektenipun, abdinipun kinasih nama Kala Marica amalih rupa dados kidang kencana saperlu mbebeda Dewi Sinta. Dewi Sinta kasengsem kaliyan kaendahaning kidang kencana mila nyuwun dhumateng rakanipun kapurih nyepeng kidang wau.

Pegat, apisah, Rama lan Shinta, kidang kencana tanggap ing sasmita, hangendering cancut mlajeng lumebeng wana, saya hanengah, saya tebih, denira apepisan kalawan garwa mayangsari.

Rama Wijaya pesen dhumateng rayinipun Raden Laksmana supados njagi mbakyunipun amargi badhe ngoyak kidang kencana ingkang mlebet wana. Kidang kalepasi jemparing dening Rama Wijaya lajeng njerit lan swantenipun memba-memba swantenipun Rama Wijaya. Dewi Sinta kuwatos mbok menawi ingkang garwa nampi cilaka lajeng utusan rayinipun Raden Laksmana kapurih nututi suka pitulungan. Raden Laksmana kapeksa nututi Rama Wijaya nasak wana amargi dipundukani dening Dewi Sinta. Dewi Sinta katilar piyambakan amargi sami ngoyak kidang kencana.

Ngancik telenging wana, peteng ndhedhet lelimengan, ical lacaking kidang, sapandurat kumlebet katingal kidang kencana haleledhang, Rama sigra hangembat gendhewa, menthang langkap, wastra lumepas, hangener dening kidang, tumancep warayang mring hangganing kidang sangsam kencana, gumlundhung pejah kasulayah, eloking kahanan, sareng gumalundhunging kidang kapiyarsa swara dumeling, Marica hangemba-emba suwaranipun Rama, jeli-jeli asesambat mring arinta Laksmana.

Sinta lan Laksmana ingkang hanganti dhatenging ingkang raka Rama dinandak hamiyarsa suwara nyaring asesambat tiwasing dhiri. Kusumaning ayu Sinta sajroning wardaya, hanyipta lamun swara ingkang kapiyarsa punika, tuhu swaranipun raka Rama, mila tarataban manahira, sigra dhawuh mring ari Laksmana, supaya enggal lumawat mring Rama, aweh pitulungan, Laksmana ingkang wicaksana tansah sung pemet, bilih swara punika sanes suwaranipun Rama.

Prabu Dasamuka ingkang waunipun singidan wonten grumbuling wit-witan, sasampunipun pirsia Dewi Sinta piyambakan lajeng kadhusta miber angkasa badhe kaboyong dhateng Ngalengka. Dewi Sinta jerit-jerit nyuwun tulung kanthi nyebat asmanipun Rama Wijaya. Swantenipun Dewi Sinta nyuwun tulung kapiyarsa dening Resi Jatayu. Resi Jatayu sasampunipun pirsia bilih ingkang nyuwun tulung putra mantunipun Prabu Dasaratha inggih kanca raketipun, tanpa tidha- tidha Resi Jatayu miber angkasa badhe ngrebat Dewi Sinta saking regemanipun Prabu Dasamuka. Prabu Dasamuka boten kersa ngulungaken wasana dados udreg-udregan ingkang wusanipun ndadosaken perang.

Resi Jatayu ngetog kasudiran nyandher Prabu Dasamuka ngantos kebak tatu lan ngantos kawratan ngadhepi krodhanipun Resi Jatayu. Prabu Dasamuka lajeng ngliga pedhang kababataken dhateg swiwinipun Resi Jatayu lajeng tatas sanalika. Resi Jatayu dhawah njrebabah ndhepani bumi kanthi salira kebak rah.

Rama Wijaya kaliyan Raden Laksmana nasak wana madosi Dewi Sinta. Wonten ing madyaning wana pinanggih kaliyan Resi Jatayu ingkang saweg sambat-sambat badhe nemahi ajal. Rama Wijaya tuwin Raden Laksmana lajeng paring pitulungan dhumaten Resi Jatayu. Resi Jatayu suka palapuran dhumateng Rama Wijaya bilih piyambakipun nemahi tatu abot makaten amargi nembe tandhing tiyasa mengsah Prabu Dasamuka saperlu badhe ngrebat Dewi Sinta ingkang kadhusta Prabu Dasamuka. Sacekapipun matur makaten Resi Jatayu lajeng tiwas.

Rama Wijaya sanget ing panarimahipun dumateng Resi Jatayu ingkang sampun ngurbanaken jiwa raganipun saperlu kangge mbelani piyambakipun. Minangka tandha panarimah lan pakurmatan, layonipun Resi Jatayu lajeng kabesmi kanthi upacara midherek kapitadosanipun. Rama Wijaya sampun nampi sisik melik bilih ingkang ndhusta garwanipun menika Prabu Dasamuka ratu ing Ngalengka. Rama Wijaya lajeng nerasakan lampah badhe ngrebat Dewi Sinta saking regemanipun Prabu Dasamuka.

4. Gudhang tembung

No.	Tembung	Tegese	Ngoko
1.	wana	alas	alas
2.	ngrekadaya	ngupaya, usaha	ngupaya, usaha
3.	Ndhusta	nyolong, nyidra	nyolong, nyidra
4.	Kencana	emas	emas
5.	kasengsem	kepencut, dadi seneng	kepencut, dadi seneng
6.	raka	kakang/ kangmas	kakang/ kangmas
7.	Rayi	adhi	adhi
8.	Jemparing	panah	panah
9.	Kuwatos	kuwatir	kuwatir
10.	Duka	nesu	nesu
11.	singidan	ndhelik	ndhelik
12.	Regeman	cengkreman	cengkreman
13.	Wusana	akhire, satemah	akhire, satemah
14.	kasudiran	kasekten, kadigdayan	kasekten, kadigdayan
15.	Kabesmi	diobong	diobong

5. Ngandharake maknane teks crita wayang kanthi ngudhari pitakon

- a) Andharna ing ngarep kelas asiling rembugan kelompokmu tumrap isine crita wayang lan piwulang luhur kang bisa dituladha! Prayoga menawa andharane diperang werna loro, siji nganggo ragam ngoko, banjur diowahi nganggo ragam krama!
- b) Laporna marang bapak/ibu guru wujud tulisan kanthi kebak tanggung jawab lan mituhu marang dhawuhe guru ngenani isine crita wayang lan piwulang luhure. Gunakna basa kang trep kanggo nuduhake unggah-ungguh lan budi pekertimu kang becik.

c) Bab kang prelu diandharake samengko yaiku:

klompok 1 *Kepriye mungguh panemumu ngenani watake Dasamuka kang ndhusta Dewi Shinta?*

klompok 2 *Jelasna kepriye carane Dasamuka ndhusta Dewi Shinta? Geneya?*

klompok 3 *Geneya Jatayu gelem tetulung marang Dewi Shinta? Sapa sejatine Jatayu iku?*

klompok 4 *Geneya Dewi Shinta lan Raden Laksmmana dadi padudon nalika keprungu swara pisambate Rama?*

klompok 5 *Geneya Rama Wijaya lan Dewi Shinta kudu nglakoni urip manggon ing alas Dhandaka?*

6. Nemokake Piwulang Luhur Saka Teks Crita Wayang

Piwulang luhur bisa digunakake kanggo tuladha kang becik tumrap pribadi utawa bebrayan agung masyarakat. Upamane saka anane kabudayan kang ngrembaka ing lingkungan masarakat. salah sijine yaiku saka kesenian wayang crita Ramayana. Para siswa bisa nyinau saka watake paraga crita. Sawise iku bisa gawe dudutan bab kasebut, tegese para siswa bisa nemokake piwulang luhur kang bisa kanggo pandom (pedoman) tumindak saben dinane.

Perlu dimangerteni menawa paraga crita iku mesthi kaperang dadi teluyaiku, protagonis, antagonis, lan tritagonis. Tetelune nduweni watak kang beda, lumrahe protagonis iku watake apik, bebudene becik, andhap asor lembah manah, kuwasisane pinunjul. Kosok baline antagonis iku nyengkahi utawa mungsuhi watake protagonis. Sanajan uga duwe kuwasisan pinunjul, nanging kuwasisane digunakake kanggo ngumbar angkara murka lan nepsu kadonyane. Tritagonis kena diarani paraga tambahan, jejangkep, kanggo nggenepi anane satron (konflik) crota antarane protagonis lan antagonis. Watake uga bisa apik bisa ala gumantung cedhak marang protagonis apa antagonis.

Saka nyinau watake paraga iki para siswa diajab bisa nemokake bab-bab kang becik lan ala, satemah bisa njupuk dudutan kanggo dipilih dadi piwulang kang becik tumrap

Tulisen isine crita wacan ing dhuwur nganggo basamu dhewe!

B. Materi Pengayaan

Rama Wijaya Lair

Íng nagari Ngayodyá wóntên íngkang jumênêng Ratu, ajêjulúk Dásárátá, sudibyá sáhå mungkul dhatêng íng agami, putús dhatêng íng sastra, tuwín dhatêng sawarníng kawruh, asih dhatêng párá abdinipun, íngkang tan pègat asring kaganjar.

Wóndéníng íngkang kagalih amung isarat, íngkang kéngingandadosakên karaharjaníng nagarinipun. Sang natå kagungan garwå têtigå, anåmå Dèwi Ragu utawi Sukåsaiyå, kalih Dèwi Sumitrå, tigå Dèwi Kékayi.

Prabu Dásárátå bótên kagungan putrå, sáhå sangêt kapénginipun apéputra kakung, íngkang katitisan íng batårá Wísnu. Lajêng animbali pandhitå satunggal, anåmå bagawan Wasiså, kakarsakakên ambudi isarat kasêmbadaníng puji sagêdipun apéputrå kakung.

Pamrayoginipun bagawan Wasistå sang natå asidhékaha dhumatêng párá déwa, inggih punikå íngkang minangkå isarat kadugèníng karsanipun sang Prabu. Pirêmbagipun bagawan Wasiså makatên wau lajêng linampahan. Lami lami garwå têtigå wau sami ambóbót.

Íngkang ambabar rumiyin Dèwi Sukåsaiyå, miyós kakung, kaparingan námå Råmå. Anuntên Dèwi Kékayi ambabar kakung, kaparingan námå Bråtå. Lajêng Dèwi Sumitrå apéputra kakung, kaparingan námå Laksmånå. Bótên antawís lami Dèwi Sumitra wau ambabar malih kakung, kaparingan námå Satrugånå.

Råjåputrå sakawan wau sasampuníng diwåså, lajêng kapasrahakên dumatêng bagawan Wasiså, supadós kawulangå íng sawarníng kawruh, sáhå kadigdayan tuwín lampah lampahíng pèrang. Sarêng sampún sami putús dhatêng ngèlmi íngkang winulangakên sadáyå, lajêng kabèktå kondúr dhumatêng kadatónipun íngkang rånå. Wóntên íng ngriku putrå sakawan komúk íng kawígnyan sáhå kadigdayanipun.



Kacariyós wóntên êmpuníng párá panditå, anåmå bagawan Yógiswårå, akaliyan bagawan Mitrå. Sami sówan anyuwún pitulung dhumatêng Prabu Dásárátå, amargi pratapanipun karésahan íng danåwå, balanipun Prabu Dåsåmukå íng Ngalêngkå.

Panyuwunipun pandhitå kêkalih wau, putranipun sang natå íngkang námå Råmå kaparingnå, supadós anyirnaknå sawarníng danåwå íngkang angrêsahi wau.

Íng ngajêng sang natå bótên parêng, awit putranipun kagalih taksih katimurên, dérèng kuwawi amèngsah danåwå. Anangíng sarêng pandhitå kêkalih wau anyêrèpakên íng wajibíng ratu, amitulungi íng kasusahan, sang prabu lajêng parêng, putranipun íngkang námå Råmå kabèktakakên dhatêng pandhitå kêkalih wau; Radèn Laksmånå tumút dhatêng íngkang rákå.

Sadhatêngipun íng rêdi pratapanipun sang pandhitå kêkalih wau, sakathahing pandhitå íngkang adhêdhépók wóntên íng ngriku sami sukå bingah, sartå amulang íng sawarníng ngèlmi dibyå dhumatêng Rånå akaliyan Laksmånå, punåpå déné sami anyaósi jêmparing.

Anuntên sakathahing danâwâ íngkang angrêsahi pratapan, sami katumpês déning rájâputrá kékálíh, namúng satunggíl anâmâ Maricâ íngkang bôtên pêjah, katút kabêktâ íng jêmparíng bâjrâ, dhawah wóntên pinggíring sagantên.

Íng samangké sampún sirmâ rêribêdipún pârâ pandhitâ íngkang adhêdhépók wóntên íng rêdi wau, Sasimanipún danâwâ íngkang sami angrêsahi pratapan, pârâ pandhitâ amirêmbagi dhumatêng Râmâ, kapuríh lumampahâ dhumatêng nagari íng Mantili, íngkang dipún ratoni dhumatêng Prabu Janâkâ. Punikâ kagungan putra èstri satunggíl, ayu tanpâ sisihan, anâmâ Dèwi Sinta. Sampún kathah pârâ ratu tuwín pârâ satriyâ íngkang sami nglamar, nangíng Dèwi Sinta anampík.

Éwadêntên sang Dèwi karsâ ugi akrâmâ, manawi wóntên íngkang kuwawi amênthang gandhéwâ wasiyat sakíng sanghyang Girinâtâ, íngkang dumunúng wóntên íng kadhatónipún íngkang râmâ. Inggíh ugi sampún kathah pârâ ratu tuwín pârâ satriyâ, íngkang angayóni badhé amênthang gandhéwâ wau, anangíng bôtên wóntên íngkang kuwawi.

Milâ Râmâ kapuríh dhumatêngâ íng Mantili, awít kagalíhkuwawi amênthang gandhéwâ wau, sartâ badhé anggarwâ Dèwi Sinta. Râmâ angèstókakên pitêdhahipún pârâ panditâ, lajêng lumampah datêng nagari Mantili akaliyan íngkang rayi radén Laksmânâ.

Satatêngipún íng Mantili, tumuntên kauningan íng sang Prabu Janâkâ, yèn wóntên tiyang kékálíh dhatêng, badhé angayómi mênthang gandhéwâ dibyâ.

Sarêng satriyâ kékálíh sampún sami kasowanakên íng ngarsanipún Prabu Janâkâ, sang nâtâ lajêng amaríngakên gandhéwâ díbyâ dhumatêng Râmâ. Gandhéwâ pinênthang dhumatêng Râmâ lajêng tikêl, andadósakên gumunipún íngkang sami aningali sadâyâ.

Sasampúníng Prabu Janâkâ sumêrêp, yèn Râmâ akaliyan Laksmânâ sami putranipún Prabu Dâsârâtâ íng Ngayodyâ, énggal anglampahakên utusan dhumatêng íng Ngayodyâ, angaturi Prabu Dâsârâtâ, supadós anjênêngânâ pikramênipún Râmâ angsal Dèwi Sinta.

Prabu Dâsârâtâ lajêng bidhal dhatêng Mantili. Sarêng Râmâ sampún kadhaupakên akaliyan Dèwi Sinta, Prabu Dâsârâtâ pamít dhumatêng Prabu Janâkâ, kondúr dumatêng íng Ngayodyâ. Putrá sakaliyan sâhâ putrá mantu sami andhèrèk.



Anuntên wóntên pandhitâ agêng inggíl mêdal sakíng wânâ anâmâ bagawan Jamadagni utawi Râmâbargâwâ, ambêktâ gandéwa satunggíl, agêngipún sawitíng tal, Amurugi dhumatêng Râmâ, kapuríh amênthangâ gandhéwanipún wau. Yèn Râmâ kuwawi amênthang, bagawan Jâmâdagni narimah yèn kawastanânâ kawón déning Râmâ; bilíh bôtên kuwawi amênthang, Râmâ narimahâ kawastanan kasóran déning sang pandhitâ.

Gandéwâ katampén dhumatêng Râmâ, kapênthang lajêng tikêl. andadósakên kagèt sâhâ éramipún sang pandhitâ. Anuntên bagawan Jâmâdagni sumêngkâ pangawak brâjâ, anunggil pârâ déwâ íng Surâlâyâ.

Prabu Dâsârâtâ andumugèkakên lampah, rawúh íng nagari Ngayodyâ.

Prabu Dâsârâtâ lajêng kagungan karsâ, badhé asèlèh kaprabón dhumatêng putranipún íngkang nâmâ Râmâ. Kasupèn yèn íngkang wau sampún aprajangji dhumatêng Dèwi Kékayi, sadèrèngipún kagarwâ. Prajangjinipún: manawi Dèwi Kékayi apêputrá kakúng akaliyan sang nâtâ, punikâ íngkang badhé kagêntósakên dadós ratu.

Sarêng Râmâ sampún kajumênêngakên ratu, Dèwi Kékayi angundhat ngundhat akaliyan sang nâtâ, punikâ íngkang badhé kagêntósakên dadós ratu.

Sarêng Râmâ sampún kajumênêngakên ratu, Dèwi Kékayi angundhat undhat saha anagíh prajangji dhumatêng sang nâta, anyuwún pangangkatipún radén Brâtâ angastâ kaprabón íng Ngayodyâ, sâhá nyuwún késahipún Râmâ saking nagari.

Prabu Dâsarâtâ sangêt prihatós íng galíh, amidhangêtakên aturipún íngkang garwâ wau; éwadéntên inggíh anuruti panyuwunipún.

Radén Brâtâ kajumênêngakên ratu, Râmâ kadhawahan késah saking nagari. Sang nâta saking sêkêling galíh, adalêm wóntên patamananipún íng kadhatón.

Râmâ angéstókakên dhawahipún íngkang râmâ, lajêng késah saking nagari akaliyan íngkang garwâ, Radèn Laksmânâ andhérék. Lampahipún anjujúg íng wânâ agêng; pârâ abdi íng Ngayodyâ katah íngkang sami andhèrèk. Dumugi íng dalu sami lèrèb wóntên íng wânâ. Sarêng lingsír dalu sartâ pârâ abdi íngkang andhèrèk wau sampún sami tilêm sadâyâ, Râmâ lolós saking wânâ akaliyan Dèwi Sinta punâpâ déné Radèn Laksmânâ.

Sarêng énjíng pârâ abdi sami angupadósi, anangíng bótên pinanggíh. Lajêng sami wangsúl dhatêng íng nagari.

Prabu Dâsarâtâ íng sakésahipún íngkang putrâ, bótên kuwawi anandang prihatósing galíh, lajêng sédâ.

Sasampuníng layón karésikan sâhá kabêsmi, Radèn Brâtâ ngundhat undhat dhumatêng íngkang ibu, awít dadós jalaraníng sédanipun íngkang râmâ.

Radèn Brâtâ bótên karsâ jumênêng ratu, lajêng tindak dhumatêng wânâ sumêdyâ angupadósi íngkang rákâ, badhé kaaturan jumênêng ratu, Sarêng srêngéngé sêrap, lampahipún dumugi íng pratapanipun pandhitâ satunggíl. Wóntên íng ngriku nyaré sadalu, sartâ amundút pitêdhah dhatêng sang panditâ, mênggah panggénanipun íngkang rákâ.

Atur wangsulanipun sang tâpâ : yèn Râmâ wóntên íng rêdi Kuthârunggu, apuruitâ dhatêng pandhitâ linuwíh. Énjíng Radén Brâtâ mangkat saking pratapan, anjujúg rêdi Kuthârunggu, kapanggíh kaliyan íngkang rákâ. Sasampuníng amratêlakakên bab sédaníng râmâ, íngkang rákâ lajêng kaaturan sâhá anagíh prajangji dhumatêng sang nâta, anyuwún pangangkatipún radén Brâtâ angastâ kaprabón íng Ngayodyâ, sâhá nyuwún késahipún Râmâ saking nagari.

Prabu Dâsarâtâ sangêt prihatós íng galíh, amidhangêtakên aturipún íngkang garwâ wau; éwadéntên inggíh anuruti panyuwunipún.

Radén Brâtâ kajumênêngakên ratu, Râmâ kadhawahan késah saking nagari. Sang nâta saking sêkêling galíh, adalêm wóntên patamananipún íng kadhatón.

Râmâ angéstókakên dhawahipún íngkang râmâ, lajêng késah saking nagari akaliyan íngkang garwâ, Radèn Laksmânâ andhérék. Lampahipún anjujúg íng wânâ agêng ; pârâ abdi íng Ngayodya kathah íngkang sami andhèrèk. Dumugi íng dalu sami lèrèb wóntên íng wânâ. Sarêng lingsír dalu sartâ pârâ abdi íngkang andhèrèk wau sampún sami tilêm sadâyâ, Râmâ lolós saking wânâ akaliyan Dèwi Sinta punâpâ déné Radèn Laksmânâ.

Sarêng énjíng pârâ abdi sami angupadósi, anangíng bótên pinanggíh. Lajêng sami wangsúl dhatêng íng nagari.

Prabu Dâsarâtâ íng sakésahipún íngkang putrâ, bótên kuwawi anandang prihatósing galíh, lajêng sédâ.

Sasampuníng layón karésikan sâhá kabêsmi, Radèn Brâtâ ngundhat undhat dhumatêng íngkang ibu, awít dadós jalaraníng sédanipun íngkang râmâ.

Radèn Brâtâ bótên karsâ jumênêng ratu, lajêng tindak dhumatêng wânâ sumêdyâ angupadósi íngkang rákâ, badhé kaaturan jumênêng ratu, Sarêng srêngéngé sêrap, lampahipún dumugi íng pratapanipun pandhitâ satunggíl. Wóntên íng ngriku nyaré sadalu, sartâ amundút pitêdhah dhatêng sang panditâ, mênggah panggénanipun íngkang rákâ.

Atur wangsulanipun sang tâpâ : yèn Râmâ wóntên íng rêdi Kuthârunggu, apuruitâ dhatêng pandhitâ linuwíh.

Énjing radén Brátá mangkat sakíng pratapan, anjujug rêdi Kutharunggu, kapanggih kaliyan íngkang rákâ. Sasampuníng amratélakakên bab sédaníng ráamá, íngkang rákâ lajêng kaaturan kondúr, sartá jumênêng ratu wóntên nagari íng Ngayodyá. Nangíng Rámâ anampík aturing rayi, malah íngkang rayi kapurih kóndura, sartá angastá kaprabón.

Radèn Brátá ajríh mopo íng rèhipún sadhèrèk sêpúh. Sarêng sampún kawulang dhumatêng Rámâ pratikêlipún jumênêng ratu, Radèn Brátá lajêng kondúr dhumatêng nagari íng Ngayodyá, sáhâ angastá kaprabón.

Sakondúripún Radèn Brátá, Rámâ akaliyan íngkang garwâ, tuwín radén Laksmánâ, sami tédhak sakíng rêdi íng Kutharunggu, sumêdyâ dhatêng rêdi Dhandhakâ. Wóntên íng margi kapêthúk akaliyan danâwâ agêng, anâmâ Wirádhâ, panunggilaníng balanipún Prabu Dásârukâ íng Ngalêngkâ. Damêlipún asríng amêmêjahi, punâpâ déné angaru biru dhumatêng para pandhitâ. Pún Wirádhâ wau lajêng dipún pêjahi dhumatêng Rámâ.

Rámâ andumugêkakên lampah, angampiri pratapaníng pandhitâ satunggíl, anâmâ bagawan Yogâ. Sang bagawan Yogâ wau anggênipún tâpâ alít milâ, íngkang tinêdha íng tâpâ, icalâ sakathahíng lampah rêsah, íngkang sakíng pandamêlipún Prabu Dásârukâ íng Ngalêngkâ, íngkang adamêl kasusahanipún íng sabumi.

Bagawan Yogâ wau amêthúk rawúhipún Rámâ, sartá agadah pitêdhah, Rámâ kapurih dhumatêngâ íng dhépókipún pandhitâ, íngkang anâmâ Sutíksnâ. Sasampuníng amituturi, bagawan Yogâ lajêng óbóng.

Rámâ sakalangkúng ngungún aningali sang pandhitâ óbóng. Tumuntên andumugêkakên lampah. Kéndêl wóntên íng dhépókipún sang pandhitâ Sutíksnâ. Wóntên íng ngriku anggêguru ngêlmi ngantós lami. Sarêng sampún anyakêp sakathahipún íngkang winulangakên, Rámâ lajêng pamit dhatêng sang pandhitâ, alumampah malíh. Anggêr wóntên pratapan dipún kèndêli.

Sasampuníng apuruitâ dhatêng para pandhitâ íngkang sami tâpâ, lajêng andumugêkakên lampah. Wusánâ rawúh íng rêdi Dhandhakâ, andadósakên sukâ bingahipún para pandhitâ íngkang sami tâpâ wóntên íng rêdi Dhandhaka wau, amargi pratapanipún asríng dipún rêsahi íng danâwâ. Anamtókakên yèn rájâputrá kêkalíh sagêd anyírnakakên rêribêdipún.

Lampiran 3

**INSTRUMEN PENILAIAN KOMPETENSI PENGETAHUAN
(TES TULIS)**

Satuan Pendidikan	:	SMP N 2 Ambal
Mata Pelajaran	:	Bahasa Jawa
Kelas	:	VIII (Delapan)
Kompetensi Dasar	:	3.1 Memahami isi teks cerita Ramayana (Resi Jatayu)
Indikator	:	3.1.1 Mengartikan kata-kata yang dianggap sulit dalam bacaan cerita wayang Ramayana lakon <i>Resi Jatayu</i>
		3.1.2 Menjawab pertanyaan bacaan cerita wayang Ramayana lakon <i>Resi Jatayu</i> dalam ragam <i>krama</i> .
		3.1.3 Menulis isi cerita wayang Ramayana lakon <i>Resi Jatayu</i> dalam <i>karma</i>
		3.1.4 Mengungkapkan isi cerita wayang Ramayana lakon <i>Resi Jatayu</i>
Materi	:	Teks Cerita Wayang Ramayana lakon Resi Jatayu dengan Ragam Krama

Rubrik Instrumen Penilaian Harian (1)

Penilaian Kompetensi Pengetahuan (Soal pada Halaman berikutnya)

Uji Kompetensi



PEMERINTAH KABUPATEN KEBUMEN
DINAS PENDIDIKAN
PENILAIAN HARIAN 1 SEMESTER 2
SMP N 2 AMBAL
TAHUN PELAJARAN 2019/2020

Mata Pelajaran : BASA JAWI
K e l a s : VIII (Wolu) ABCDEFGH
Wekdal : 80 menit

A. PITEDAH MIRUNGGAN

1. Kaserata nama, nomer absen, saha kelas para putra ing lembar jawab ingkang sampun cinawisaken!
2. Katiti saha kawaosa soal kanthi permati saderengipun para putra mangsuli/njawab soal!
3. Aturaken dhumateng Bapak Guru menawi wonten seratan ingkang kirang cetha, risak, utawi gunggung soal kirang!
4. Gunggung Soal wonten 55 nomer 'pilihan ganda,' saha 5 nomer Soal andharan (esai).
5. Menawi taksih wonten wekdal, ananging sampun purna anggenipun nggarap, katlitia malih saderengipun garapan dipun-aturaken dhumateng Bapak Guru!
6. *Sugeng makarya, mugi pinaringan gampil, amiin ya rohbat alamin!*

B. PITEDAH MLIGI

1. Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi nulis aksara A, B, C, utawa D antarane pratelan kang mathuk ing lembar jawab kang wis dicawisake!
 1. Wayang dumadi saka tembung "Wod" kangduweniteges....

- A. roh
B. manungsa
- C. golekan
D. patung
2. Wayang mujudake wewayanganing manungsa. Tegese ukara kasebut yaiku
- A. wayang bisa dadi bebungah kanggo wong
B. wayang dilakokake dening dhalang
C. wayang mujudake gambaraning watek lan jiwa manungsa
D. wayang duweni wujud rong dimensi utawa telung dimensi
3. Ing ngisor iki kang ora kalebu fungsi wayang yaiku
- A. wayang minangka sarana pendhidhikan
B. wayang bisa dadi tontonan rakyat kang ngandhut tuntunan urip
C. wayang bisa dadi sarana ngraketake kawruh ing bebrayan
D. wayang minangka tontonan kang ora ana paedahe
4. Wayang kang critane dijupuk saka crita Ramayana lan Mahabarata diarani
- A. wayang menak
B. wayang purwa
- C. wayang beber
D. wayang krucil
5. Dewi Sinta kadhusta dening ratu buta kang aran...
- A. Prabu Ramawijaya
B. Prabu Laksmana
- C. Prabu Rahwana
D. Prabu Dasarata
6. Para paraga ing lakon "Resi Jatayu" yaiku
- A. Dewi Sinta, Pr. Ramawijaya, R. Laksmana, Pr. Rahwana, Anoman, Resi Jatayu
B. Dewi Sinta, Pr. Destarastra, R. Laksmana, Pr. Rahwana, Krisna, Bathara Guru
C. Dewi Kunthi, Pr. Destarastra, R. Laksmana, Pr. Rahwana, Resi Jatayu, Sugriwa
D. Dewi Kunthi, Pr. Ramawijaya, R. Laksmana, Pr. Rahwana, Resi Jatayu, Anoman
7. Saka lakon "Resi Jatayu" kang duweni watek adigang, adigung, adiguna yaiku
- A. Prabu Ramawijaya
B. Prabu Laksmana
- C. Prabu Rahwana
D. Prabu Dasarata
8. Resi Jatayu iku
- A. Sang Hyang Agung
B. Resi awujud manuk garuda
- C. Abdine Rama
D. Garwane Sinta
9. Resi Jatayu iku putrane
- A. Dasarata
B. Laksmana
- C. Resi Brisrawa
D. Werkudara
10. Resi Jatayu mijil saka ibu
- A. Dewi Sinta
B. Dewi Kekayi
- C. Dewi Sri
D. Dewi Brahmanistri

11. Yen Resi Jatayu iku wayahe Dewa Brahma, mula Dewi Brahmanistri iku
 - A. Putri Dewa Brahma
 - B. Garwa Dewa Brahma
 - C. Adhi Dewa Brahma
 - D. Musuh Dewa Brahma
12. Sedulure Resi Jatayu yaiku
 - A. Garudha Agung, Garudha Harna, lan Garudha simpati
 - B. Garudha Harna, Garudha Brihawan, lan Garudha Simpati
 - C. Garudha Harna, Garudha Brahma, lan Garudha Simpati
 - D. Garudha Harna, Garudha Brihawan, lan Garudha Agung
13. Resi Jatayu gelem nulungi Dewi Shinta jalaran
 - A. Dewi Sinta garwane resi Jatayu
 - B. Resi Jatayu Melas
 - C. Resi Jatayu Kesengsem Dewi Sinta
 - D. Resi Jatayu kekancan apik kaliyan Pr. Dasarata
14. Carane Resi Jatayu nulungi Sintayaiku
 - A. awake Rahwanadipanah
 - B. awake Rahwanadicucuki
 - C. tangane Dewi Sintadisawut
 - D. tangane Rahwanadisamber
15. Sinta ora bisa uwal saka cekelane Rahwana sebab
 - A. Rahwana nggegengi kuat tangan Sinta
 - B. sikile Sinta dicekeli kuat Rahwana
 - C. tangane Sinta ditaleni Rahwana
 - D. Sinta diajar dening Rahwana.
16. Nasibe Resi Jatayu sawise andon yuda klawan Rahwana yaiku
 - A. Resi Jatayu mabur golek pitulungan
 - B. Resi Jatayu semapat tiba ing lemah
 - C. Resi Jatayu tiba lan swiwine sengkleh.
 - D. Resi Jatayu lunga goleti Rama.
17. *Jatayu pirsia bilih ingkang nyuwun tulung putra mantunipun Pr. Dasaratha.* Ngokone
 - A. Jatayu pirsia menawa sing njaluk tulung putrane Prabu Dasaratha.
 - B. Jatayu weruh yen sing njaluk tulung anake Prabu Dasaratha.
 - C. Jatayu ngerti yen sing njaluk tulung mantune Prabu Dasaratha.
 - D. Jatayu weruh menawa sing njaluk tulung iku Prabu Dasaratha.
18. *Saka paraga Resi Jatayu, bisa dipethik piwulang*
 - A. aweh pitulungan marang pepadha titah iku becik apamaneh wis kenal
 - B. dadi manuk kudune bisa aweh pitulungan marang manungsa
 - C. dadi manuk iku ora susah sekti mundhak kudu aweh pitulungan
 - D. aweh pitulungan kudu ngetung-etung kanca amrih ora cilaka
19. Saka paraga Dasamuka bisa dipethik piwulang
 - A. yen duwe karep aja disimpen ing pikiran, enggal ditindakna
 - B. tumindak nuruti kecarepan iku bisa ngelegakake pikiran
 - C. rawe-rawe rantas malang-malang putung
 - D. tumindak culika iku bisa nuwuhake korban, mula tinggalna
20. Saka paraga Dewi Shinta bisa dipethik piwulang
 - A. nindakake pakarti iku kanggo nggugu kecarepan

- B. nuruti kekarepane ati becik nganggo tetimbangan
 C. yen nemu pacoban enggal jerit-jerit njaluk pitulungan
 D. aja gelem digarwa wong kang watake ala
21. Sawise kelangan Dewi Shinta krana ora ana ing pondhokan sekawit, Rama Wijaya lan Laksmana bingung anggone nggoleki. Ing pikirane geneya ndadak mburu kidang kang jebul malihan rupa kalamarica. Saka kedadeyan iki bisa dijupuk dudutan
- A. keduwung iku biyasane tiba mburi C. katresnan iku mesthi butuh pangorbanan
 B. yen kelangan iku kudu enggal digoleki D. aja mburu kidang mundhak kelangan bojo
22. Minangka tandha panarimah lan pakurmatan, layonipun Resi Jatayu lajeng kabesmi kanthi upacara midherek kapitadosanipun. Saka ukara kasebut nggambarake ...
- A. ngobong layone manuk jatayu C. ngubur manuk jatayu sawise mati
 B. ngendhangake manuk jatayu ing kali D. nambani manuk jatayu supaya mari

Wacanen pethikan teks iki!

Dewi Sinta jerit-jerit nyuwun tulung kanthi nyebat asmanipun Rama Wijaya. Swantenipun Dewi Sinta nyuwun tulung kapireng dening Resi Jatayu. Resi Jatayu sasampunipun pirsu bilih ingkang nyuwun tulung putra mantunipun Prabu Dasaratha inggih kanca raketipun, tanpa tidha-tidha Resi Jatayu miber angkasa badhe ngrebat Dewi Sinta saking regemanipun Prabu Dasamuka. Prabu Dasamuka boten kersa ngulungaken wasana dados udreg-udregan ingkang wusananipun ndadosaken perang.

23. Pethikan teks crita wayang kasebut nyritakake prastawa
- A. Dewi Shinta perang tandhing mungsuh Dasamuka
 B. Jatayu nulungi Dewi Shinta saka regemane Dasamuka
 C. Dewi Shinta jerit-jerit kelangan Ramawijaya
 D. Ramawijaya lunga ninggalake Dewi Shinta mburu kidang
24. Jatayu aweh pitulungan marang Dewi Shinta jalaran
- A. duwe rasa welas asih marang manungsa
 B. kepingin mbuktekake kasektene mungsuh Dasamuka
 C. mangerteni Shinta iku mantune kanca rakete yaiku Prabu Dasarata
 D. kepingin nuduhake menawa Jatayu iku resi kang sekti
25. Gagasan bakune pethikan teks kasebut yaiku
- A. Dasamuka kasil ndhusta Dewi Shinta konangan Jatayu
 B. Jatayu ngrebut Dewi Shinta saka Dasamuka
 C. Dasamuka perang tandhing mungsuh Jatayu
 D. Dewi Shinta jerit-jerit njaluk tulung marang Jatayu

Paraga wayang ing ngisor iki sapa arane?

26.



- A. Dasamuka
- B. Kumbakarna
- C. Gunawan Wibisono
- D. Indrajit

27.



- A. Dasamuka
- B. Kumbakarna
- C. Gunawan Wibisono
- D. Indrajit

28.



- A. Dasamuka
- B. Kumbakarna
- C. Gunawan Wibisono
- D. Indraji

29.



- A. Dasamuka
- B. Kumbakarna
- C. Gunawan Wibisono
- D. Indrajit

30.



- A. Subali
- B. Sugriwa
- C. Anoman
- D. Anggada

31.



- A. Subali
- B. Sugriwa
- C. Anoman
- D. Anggada

32.



- A. Subali
- B. Sugriwa
- C. Anoman
- D. Anggada

33.



- A. Subali
- B. Sugriwa
- C. Anoman
- D. Anggada

34.



- A. Dewi Sinta
- B. Dewi Trijatha
- C. Dewi Sayempraba
- D. Dewi Anjani

35.



- A. Prabu Ramawijaya
- B. Prabu Janaka
- C. Prabu Dasamuka
- D. Prabu Dasarata

36.



- A. Semar
- B. Gareng
- C. Petruk

37.



- A. Semar
- B. Gareng
- C. Petruk

D. Bagong

D. Bagong

38.



- A. Semar
- B. Gareng
- C. Petruk
- D. Bagong

39.



- A. Semar
- B. Gareng
- C. Petruk
- D. Bagong

40.



- A. Resi Wisrawa
- B. Resi Jatayu
- C. Resi Bisma
- D. Resi Sampani

41.



- A. Dewi Sinta
- B. Dewi Sukesi
- C. Dewi Tara
- D. Dewi Tari

42.



Gambar ing sisih kiwa iki sapa wae?

- A. R. Rama, R. Laksmana
- B. R. Rama, R. Janaka
- C. R. Wibisana, R. Laksmana
- D. R. Rama, R. Laksmana, Resi Jatayu

Tembung-tembung ing Soal Nomer 26 – 35 tegese apa?

43. Abdi

- A. Batur
- B. kanca
- C. sedulur
- D. tangga

44. Tiwas

- A. Mari
- B. mati
- C. mayit
- D. mendem

45. Wana

- A. Lemah
- B. segara
- C. alas
- D. kali

46. Kencana

- A. Wesi
- B. inten
- C. tembaga
- D. emas

47. Jemparing
 A. Panah B. tumbak C. keris D. pedhang
48. Rayi
 A. Kakang B. adhi C. mbakyu D. raka
49. Singidan
 A. Lunga B. mlayu C. ndhelik/umpekan D. Turu
50. Bandayuda
 A. Adus B. mabur C. turu D. gelut/perang
51. Rah
 A. Getih B. kringet C. iler D. Idu
52. Madyaning wana
 A. Pinggiring alas B. tengahing alas C. pinggiring kali D. tengahing kali
53. Ratu ing Ngalengka yaiku Prabu
 A. Dasarata B. Resi Wisrawa C. Dasamuka D. Sugriwa
54. Ratu ing Ayodya yaiku
 A. Dasarata B. Resi Wisrawa C. Dasamuka D. Sugriwa
55. Ratu ing Guwa Kiskendha yaiku
 A. Dasarata B. Resi Wisrawa C. Dasamuka D. Sugriwa

II. ***Wangsulana pitakon ing ngisor iki kanthi patitis!***

1. Apa kang nyebabake Resi Jatayu awuh pitulungan marang Dewi Sinta?
2. Kepiye wateke Ramawijaya kang kudu ngupadi mburu kidang Kencana?
3. Apa kang ditindakake Ramawijaya kanggo nemokake Dewi Sinta?
4. Kepriye watake Dasamuka kang tumindak ndhusta Dewi Shinta?
5. Sapa sejatine manuk Jatayu iku?

Pedoman penilaian

No Soal	Deskripsi	Skor
I.1 - 60	Menjawab dengan benar dan sempurna	1
II.1 - 5	Menjawab benar sempurna setiap nomor	3
	Menjawab benar kurang sempurna setiap nomor	1,5
	Skor maksimal	60

Nilai = Skor perolehan

----- x 100

Skor maksimal

Lampiran 4

CONTOH RUBRIK TES PENGETAHUAN

No	Indikator	Teknik	Bentuk Instrumen	Instrumen
-----------	------------------	---------------	-------------------------	------------------

1.	Mengartikan kata-kata sulit yang terdapat dalam cerita Ramayana Resi Jatayu.	Tes tulis	Tes uraian	Apa tegese tembung <i>ResiJatayu Gugur</i> iku?
2.	Mencari piwulang luhur yang terdapat dalam cerita Ramayana Resi Jatayu.	Tes tulis	Tes uraian	Piwulang apa bae kang bisa kapethik saka cerita Ramayana Resi Jatayu ing dhuwur iku ?
3.	Menulis kembali cerita Ramayana Resi Jatayu.	Tes tulis	Tes uraian	Coba tulisen maneh cerita Ramayana Resi Jatayu iku nggango basa dhewe!
4.	Menceritakan kembali isi cerita Ramayana Resi Jatayu dalam ragam krama secara tertulis.	Tes tulis	Tes uraian	Coba ceritana maneh cerita Ramayana Resi Jatayu iku nganggo ragam krama! (Soal liyane tinulis ing Soal Pilihan Ganda)

Lampiran 5

INSTRUMEN PENILAIAN KOMPETENSI KETERAMPILAN

Satuan Pendidikan	:	SMP N 2 Ambal
Mata Pelajaran	:	Bahasa Jawa
Kelas	:	VIII (Delapan)
Kompetensi Dasar	:	4.1 Menanggapi isi teks cerita Ramayana (Resi Jatayu) dengan ragam krama
Indikator	:	4.1.1 Menuliskan pokok-pokok isi cerita wayang Ramayana lakon Resi Jatayu. 4.1.2 Menyampaikan secara lisan pokok-pokok isi cerita wayang Ramayana lakon Resi Jatayu
Materi	:	Teks Cerita Wayang Ramayana lakon Resi Jatayu dengan Ragam Krama

Lanjutan Lampiran 5

LEMBAR PENILAIAN KETERAMPILAN

Nama Sekolah : SMP N 2 Ambal

Mata Pelajaran : Bahasa Jawa

Nama dan Nomor : (Nama
Kelompok)

Kelompok :

No.	Aspek Penilaian	Skor	Catatan
A	Observasi/Mengamati		
1.	Relevansi		
2.	Kelengkapan		
3.	Pembahasaan		
B	Diskusi		
4	Keterampilan mengkomunikasikan		
5	Keterampilan mendengarkan		
6	Keterampilan berargumentasi		
7	Keterampilan berkontribusi		
C	Presentasi		
8	Keterampilan menjelaskan		
9	Keterampilan memvisualisasikan		
10	Keterampilan merespon		
D	Mencipta (Produk)		
11	Proses		
12	Hasil		
	Jumlah Skor		

Rentang Skor = 1 - 5

Skor 0–12 = Sangat Kurang

37-48=Baik

Skor minimal = 12

13–24= Kurang

49-60=Sangat Baik

Skor maksimal= 60

25–36= Cukup